

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Ti mimiti gumelar dialam dunya, manusa merlukeun komunikasi anu penting dina kahirupanana. Tanpa komunikasi, manusa moal bisa hirup kumbuh campur gaul jeung lingkungan sabudeureunana. Salasahiji alat komunikasi pikeun manusa diantarana basa.

Basa nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa. Lambang nya éta hal anu ngawakilan hiji hal. Unggal bagéan tina basa miboga fungsi pikeun ngawakilan hiji hal. Tegesna basa téh miboga makna. Ma'na basa éta patali jeung sagala aspék kahirupan dina alam sabudeureun masarakat pamakéna.

Basa mangrupa alat atawa wujud budaya anu digunakeun manusa pikeun silih interaksi boh dina basa lisan boh dina basa tulisan ogé dina basa isarat (*body language*). Basa lisan dikedalkeun ngaliwatan lambang sora omongan atawa media caritaan, basa tulisan dikedalkeun ngaliwatan lambang aksara atawa media tinulis, ari basa isarat mah husus basa anu maké komunikasi *manual* (gerak awak jeung gerak biwir, heunteu ngagunakeun sora). Ayana basa lisan, basa tulisan, jeung basa isarat, mangrupa bukti yén basa téh alat komunikasi anu heunteu bisa lepas tina lumangsungna kahirupan manusa. Jadi sacara hakékat basa minangka alat komunikasi manusa pikeun nepikeun eusi pikiran, rasa jeung ide atawa gagasan.

Dina makéna basa, manusa bisa nyaluyukeun diri jeung adat istiadat, paripolah katut tata krama di masarakat. Ku kituna dina basa nu dipaké ku masarakat Sunda dipikawanoh undak-usuk basa atawa tatakrama basa Sunda. Basa Sunda nu dipaké ku masarakatna luyu jeung kamekaran jaman, nya éta kamekaran kahirupan sosial budaya katut kamekaran élmu pangaweruh jeung téhnologi modérn.

Basa lamun dipatalikeun jeung pangajaran di sakola, lain ngeunaan tatabasana tapi ngeunaan kaparigelan dina ngagunakeun basa. Kaparigelan basa téh penting pisan dipiboga ku unggal manusa, sabab basa hiji jalma téh mangrupa ébréhan tina pikiranana. Aya opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Éta kaparigelan téh mangrupa totalitas kamahér anu gembleng, teu bisa dipilah-pilah deui. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita.

Dina kahirupan sapopoé, aya dua tahapan diajar basa. Tahap kahiji mangrupa tahapan diajar ngaregepkeun jeung nyarita. Kagiatanana lumangsung sacara lisan. Tahap kadua nya éta mangrupa kagiatan diajar maca jeung nulis, anu kagiatanana lumangsung ngaliwatan lambang aksara atawa tulisan.

Basa anu dipaké ku panyatur, pangarang, atawa nu nulis bisa kapangaruhan ku rupa-rupa faktor. Upamana baé saha nu nyarita, iraha jeung dimana éta prosés komunikasina lumangsung. Ieu hal téh saluyu jeung pamadegan élmu pragmatik anu maluruh bagbagan makéna basa jeung nangtukeun luyu heunteuna adegan basa dina hiji kaayaan.

Nilik kana fungsi basa nya éta alat komunikasi pikeun nepikeun eusi pikiran, rasa jeung ide atawa gagasan boh sacara lisan boh sacara tulisan, basa bisa dipaké dina wangun fiksi jeung wangun non fiksi.. Hal ieu tangtu patali jeung kaparigelan basa nya éta maca jeung nulis.

Minangka salahsahiji kaparigelan basa, maca mangrupa prosés ngalisankeun basa tinulis anu tujuanana pikeun nyangkem eusi atawa informasi tina bahan bacaan. Maca bisa jadi salahsahiji cara pikeun ngama'nan, nafsirkeun, jeung ngajén lambang tinulis dina karangan boh wangun fiksi ogé boh wangun non fiksi.

Dumasar kana standar kompetensi lulusan SMA/SMK/MA dina mata pelajaran basa jeung sastra Sunda ngawengku opat aspék kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Dina kaparigelan maca, siswa dipiharep mampuh maca jeung maham rupa-rupa bacaan dina wangun prosa (sajarah, biografi, carita pondok, dongéng carita pantun, novél, pedaran, artikel), téks

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel Pipisahan Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa

Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

percakapan, jeung puisi (sajak jeung wawacan). Ku kituna, siswa diperedih sangkan bisa nyangkem eusi bacaan ngaliwatan maca karya sastra wangun fksi. Salian ti bisa nyangkem eusi bacaan éta, siswa dipiharep bisa parigel dina makéna basa hususna dina nyurahan lambang anu aya dina bacaan éta.

Basa dina karya sastra heunteu mangrupa alat pikeun matalikeun tanda jeung naon nu dipimaksud wungkul, tapi basa ogé mangrupa wujud éksprési pangarangna anu tujuanana pikeun nepikeun informasi, amanat, eusi caritaan, atawa sagala hal nu hayang ditepikeun pangarang ka nu maca.

Patalina antara basa jeung élmu sastra bisa katitén ku ayana wacana minangka unsur gramatikal pangjembarna, anu ngawujud karangan atawa karya sastra tulisan (novel, buku, artikel, jsté). Wacana mangrupa wangun basa anu diwangun ku gumulungna kalimah jeung kecap. Dina karya sastra tulisan ayana maksud atawa tujuan anu hayang ditepikeun pangarang ka nu maca. Maksud jeung tujuan pangarang diébréhkeun ngaliwatan kecap-kecap anu ditulisna.

Kecap mangrupa wangun basa pangleutikna nu miboga harti sarta bisa madeg mandiri dina omongan (Sudaryat, 2010:70). Élmu anu ngulik ngeunaan pakecapan, kandaga kecap, jeung léksikon nya éta léksikologi. Sedengkeun tata basa (gramatika) kaasup widang élmuning basa anu ngulik tata kecap jeung kalimah. Tata kecap minangka salasahiji bagéan tina tata basa, maluruh jeung medar adegan kecap, cara ngawangunna, jeung warna kecap. Tata kecap mangrupa dadasar dina tata kalimah. Ku kituna, tata kecap raket patalina jeung tata kalimah anu diulik ku morfosintaksis.

Kecap minangka bagéan pangleutikna tina kalimah miboga wangun anu tangtu gumantung kana unsur pangwangunna nya éta morfém. Kecap anu diwangun ku hiji morfém bébas disebutna kecap salancar, ari anu diwangun ku dua morfém atawa leuwih disebutna kecap rékaan. Dina basa Sunda kecap rékaan ngawengku kecap rundayan, kecap rajékan, kecap kantétan, jeung kecap wancahan. Salian ti maluruh cara ngawangun kecap, tata kecap ogé maluruh warna kecap.

Warna kecap mangrupa bagéan tina kalimah anu nangtukeun wangunan frasa jeung klausa. Kecap dina basa Sunda dipasing-pasingkeun jadi dua warna kecap nya éta kecap lulugu jeung kecap pancén. Hal ieu dumasar kana sipat, jeung fungsina dina kalimah. Kecap lulugu nya éta warna kecap anu mibanda harti léksikal, sipatna peka alam, budaya, jeung tempat, sarta umumna bisa dirobah wangunna (Sudaryat, 2007:64). Anu kaasup warna kecap lulugu nya éta kecap barang (nomina), kecap pagawéan (verba), kecap sipat (adjéktiva), kecap bilangan (numeralia). Kecap sulur atawa kecap gaganti kaasup kana warna kecap barang.

Pedaran ngeunaan kecap sulur basa Sunda sacara husus geus loba nu nalungtik. Pedaran ngeunaan kecap sulur basa Sunda kapanggih dina buku diantarana *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat, Spk. 2007), jeung *Galuring Basa Sunda* (Tamsyah, Spk. 2010). Analisis kecap sulur dina karya sastra ogé geus aya nu kungsi nalungtik. Panalungtikan anu geus dilaksanakeun nya éta “Kecap Sulur dina Novel *Sekar Karaton* Karangan Aam Amilia pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SLTP” (Evi, 2002).

Pikeun dunya atikan jeung kapentingan pangdeudeul pangajaran, panalungtikan ngeunaan kecap sulur pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA perlu dilakukeun. Sanajan analisis ngeunaan kecap sulur saméméhna geus aya nu nalungtik, ieu panalungtikan perlu dilakukeun lantaran bahan pangajaran ogé dijieuun dumasar kana kamekaran élmu pangaweruh jeung téhnologi komunikasi anu beuki maju. Bahan pangajaran basa Sunda dijieuun dumasar kamekaran jaman miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan basa jeung sastra Sunda, kamampuh mikir jeung nalar, sarta kamampuh pikeun nambahnan wawasan siswa ngeunaan budaya Sunda.

Bédana panalungtikan ieu jeung panalungtikan saméméhna nya éta panalungtikan ieu sacara husus nganalisis ngeunaan kecap sulur dumasar kana wanda jeung fungsina anu kapanggih dina karya sastra wangun prosa nya éta novél dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca basa Sunda. Panalungtikan ieu nganalisis kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF. Novél anu diterbitkeun deui taun 2012 ieu téh, eusina ngagambarkeun kasabaran istri nu

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel Pipisahan Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa

Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditalak ku salakina tanpa alesan nu jelas. Novél ieu dipilih lantaran ieu buku kalintang alusna boh dina segi eusi boh dina segi milih judul anu matak ngirut jeung panasaran sangkan hayang maca. Salian ti éta, dina ieu novél ogé kapanggih rupa-rupa kecap sulur anu bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda.

Analisis kecap sulur pikeun bahan pangajaran dina ieu panalungtikeun ngamangpaatkeun média téhnologi informasi jeung komunikasi, sarta studi telaah téks kana novél minangka objékna. Panalungtikan ngeunaan kecap sulur pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA heunteu sagawayah dilakukeun, hal ieu nilik kana SKKD kelas XI nya éta maca novel. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Analisis kecap Sulur dina Novel *Pipisahan* Karangan RAF pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa Sunda di SMA” baris ditalungtik.

1.2.Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Identifikasi Masalah

Kecap sulur nya éta kecap anu dipaké pikeun nyuluran atawa ngaganti kalungguhan kecap barang. Kecap sulur bisa kapanggih dina rupa-rupa makéna basa Sunda boh lisan boh tulisan, ogé dina wangun fiksi jeung wangun non fiksi. Tina pedaran masalah saméméhna yén kecap sulur bisa kapanggih dina novél *Pipisahan*. Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan téh dihususkeun kana kecap sulur dina novél *Pipisahan* pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda. Pedaranana dumasar kana fungsi, ma’na, katut patalina kecap sulur jeung bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA.

1.2.2. Rumusan Masalah

Patali jeung unsur-unsur kecap sulur, aya sawatara masalah anu perlu dirumuskeun. Éta rumusan masalah téh ditepikeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kecap sulur naon baé anu kapanggih dina novél *Pipisahan* karangan RAF ?
- 2) Kumaha kecap sulur basa Sunda dina novél *Pipisahan* karangan RAF dumasar kana wangun, fungsi, jeung ma’nana ?

Kania Nurlatifah, 2013

Analisis Kecap Sulur Dina Novel *Pipisahan* Karangan Raf Pikeun Bahan Pangajaran Maca Basa

Sunda Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Kumaha kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF mun dipaké pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda di SMA ?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Saluyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun, tujuan ieu panalungtikan téh pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeyun kecap sulur tina novél *Pipisahan* RAF. Ari déskripsina ngawengku:

- 1) Jumlah kecap sulur anu kapanggih dina novél *Pipisahan* karangan RAF;
- 2) Wangun, fungsi jeung ma'na kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF; jeung
- 3) Kecap sulur dina novél *Pipisahan* karangan RAF dipaké pikeun bahan pangajaran maca Sunda di SMA.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina panalungtikan ieu nya éta:

1.4.1. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun dunya paélmuan sangkan nambahán informasi ngeunaan kecap sulur anu kapanggih dina karya sastra wangu fiksi jeung jadi pangdeudeul kamus basa Sunda.

1.4.2. Mangpaat praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kecap sulur anu kapanggih dina novél;
- 2) Pikeun pangajaran, sangkan nambahán élmu pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna kecap-kecap sulur anu aya dina karya sastra; jeung
- 3) Bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran pikeun guru-guru dina ngajarkeun pangajaran maca basa Sunda.

1.5. Struktur Organisasi Skripsi

Ieu tulisan ngeunaan sistematika panulisan ti unggal bagéan bab anu disusun dina lima bab.

Bab I Bubuka eusina ngawengku: kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori jeung Anggapan Dasar anu eusina medar perkara kecap sulur dina basa Sunda katut patalina kecap sulur pikeun bahan pangajaran maca basa Sunda jeung anggapan dasar.

Bab III Métode Panalungtikan ngawengku: métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung wangenan operasional.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran anu eusina medar ngeunaan kecap sulur anu kapanggih dina novél katut bahan pangajaran ngeunaan kecap sulur jeung analisis kecap sulur dumasar kana wangun, fungsi, jeung ma'nana.

Bab V Kacindekan jeung Saran anu eusina ngadadarkeun kacindekan tina hasil panalungtikan sarta méré saran pikeun ka hareupna.

